



Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GE VERNOVA PRAL ENVESTI 41 MILYON DOLA  
NAN IZIN SCHENECTADY A, SA K AP KREYE 50 NOUVO TRAVAY NAN DOMÈN  
TEKNOLOJI AVANSE**

***Konpayi ki investè nan Eta Nouyòk pou ogmante kapasite operasyon jeneratè yo  
epi satisfè demann pwodwi k ap grandi yo  
Anons la montre angajman pou fabrikasyon avanse nan Rejyon Kapital la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke GE Vernova te angaje li pou l investè omwen 41 milyon dola nan Sant Ekselans konpayi an pou asanblaj ak tès vapè ak jeneratè nan anba lavil Schenectady. Konpayi an planifye kreye 50 nouvo travay nan domèn teknoloji avanse nan etablisman an, pou ede satisfè demann kliyan mondyal k ap ogmante. Empire State Development (ESD) ap sipòte kwasans konpayi an ak jiska 1 milyon dola nan kredi taks Pwogram Travay Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki baze sou pèfòmans lan.

"Eta Nouyòk ap louvri chemen pou fabrikasyon, rechèch ak devlopman pou teknoloji enèji inovatè — sa k ap pote Eta a pi pre yon lavni ki pi pwòp pou jenerasyon k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk patenarya piblik-privè Eta a ak GE Vernova, nou ap pote travay ki byen peye nan nò Eta Nouyòk epi ankouraje dirabilite soti nan pwent Long Island rive nan Kanal Erie."

GE Vernova planifye investè omwen 41 milyon dola nan kanpis Anba Lavil Schenectady a pou ogmante kapasite operasyon jeneratè yo atravè renovasyon espas ki egziste deja; acha ak enstalasyon nouvo machin ak ekipman; epi nan bay fòmasyon ki nesèsè pou anplwaye yo. Envestisman sa a pral pèmèt amelyorasyon nan fabrikasyon jeneratè H65 ak H84 GE Vernova yo, ki konplete tibin gaz HA ki pi efikas konpayi an. Anplis, anpil nan 50 nouvo travay ke konpayi an planifye kreye sou plas yo se pral travay sendika.

**Direktè Egzekitif Jeneral GE Vernova, Scott Strazik, te deklare,** "Nou angaje pou satisfè bezwen kliyan nou yo ak mond lan pandan demann pou elekrisite kontinye ogmante nan nivo istorik. Envestisman sa a nan etablisman nou an nan Schenectady kontinye travay nou pou ogmante kapasite pwodiksyon enèji a gaz epi ede satisfè bezwen enèji nan mond lan. Etablisman nou an nan Schenectady ofri yon opòtinite ekstrawòdinè pou devlope ak investè nan talan nou nan Rejyon Kapital la, e nou

remèsye Eta Nouyòk pou sipò yo. Nou rele rejyon sa a lakay nou depi plis pase yon syèk, e nou fyè pou nou kontinye avanse ak eritaj sa a."

**Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk kontinye kolabore ak konpayi tout gwosè pou yo grandi ak pwospere nan ekonomi 21yèm syèk la. Atravè patenarya piblik-prive sa a ant GE Vernova ak ESD, nou ap sipòte nouvo investisman nan Anba Lavil Schenectady ki pral kreye travay epi ankouraje nouvo kwasans ekonomik rejyonal."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Sa a se yon lòt viktwa pou Nouyòk — espesyalman Rejyon Kapital la — pandan Eta a kontinye devlope ekonomi enèji pwòp li yo epi avanse kòm yon sant mondyal pou inovasyon. Mwen felisite anpil travay lokal ki pral sipòte fanmi yo e ki pral kreye gras ak patenarya sa a ak GE Vernova, ansanm ak angajman kontinyèl konpayi an pou investi nan kominote Nouyòk yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority) la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Ekspansyon GE Vernova nan Schenectady ap bati sou long istwa konpayi an nan zòn nan ki fè vil la jwenn ti non 'Vil Elektrik la.' Kòm yon kliyan enpòtan pou Otorite Enèji (Power Authority) a, GE Vernova ap ede kreye yon nouvo avni enèji pou Nouyòk ak pou mond lan gras a angajman li nan efikasite ak inovasyon nan pwodiksyon enèji. Nou kontan wè GE Vernova ap grandi nan Schenectady, ap ajoute travay ki ka soutni fanmi pou Nouyòk yo."

Nan mwa janvyè 2025, [Gouvènè Hochul te anonse](#) angajman GE Vernova pou investi 96 milyon dola nan Sant Rechèch Avanse li a nan Niskayuna. Konpayi an ap kreye 75 nouvo travay sou plas, pou ranfòse efò elektrifikasyon ak dekarbonizasyon Sant lan, pandan y ap avanse teknoloji ki pote transfòmasyon ki gen ladan eliminasyon gaz kabonik, konbistib altènatif pou pwodiksyon elektrisite ak devlope rezo alavni an. Anplis de sa, depi 2023, konpayi an te anonse 130 milyon dola pou amelyorasyon ak ekspansyon sit yo nan Schenectady, ki prevwa kreye plis pase 300 nouvo travay.

**Prezidan Lejislati Konte Schenectady a, Gary Hughes, te deklare,** "Nou remèsye GE Vernova paske yo fè gwo nouvo investisman nan Konte Schenectady pou ede satisfè demann mondyal k ap ogmante pou elektrisite ak pwodwi ki fèt isit la nan anba lavil Schenectady. Gouvènè Hochul ak ekip li nan Empire State Development toujou te la pou nou pandan n ap fè konpetisyon pou nouvo investisman ak travay sa yo."

**Majistra Vil Schenectady Gary McCarthy te deklare,** "GE Vernova ap dirije yon mouvman mondyal ki ap ajoute enèji nan rezo elektrik la nan yon fason dirab. Nou gen Gouvènè Kathy Hochul kòm yon patnè ki konprann nesosite pou genyen nouvo investisman ak travay sa yo pou transfòmasyon enèji sa a kapab mache ak ekipman ki fèt nan Schenectady."

**Prezidan Metroplex, Ray Gillen, te deklare,** "Gouvènè Hochul kontinye montre gwo angajman li pou pote plis investisman ak travay nan operasyon GE Vernova nan Konte Schenectady. Nou rekonesan anvè Gouvènè a ak Empire State Development pou patenarya sa a ki lakòz gwo nouvo investisman nan teknoloji enèji avanse tou nan anba lavil la ak nan kanpis Niskayuna yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)